

Resous pou Patwon Konnen Dwa yo

Òganize yon Rasanbleman pou gade match Mondyal la

Mondyal la rasanble moun ki soti toupatou nan mond lan ki renmen jwèt la. Ane sa a, pandan etablisman lokal yo ap prepare pou òganize “rasanbleman pou gade match la” pou kliyan yo, anpil ladan yo pa konnen kijan pou fè sa an sekirite ak posiblite prezans ajan imigrasyon yo. Menm si pa genyen okenn garanti ke ICE ap respekte dwa nou yo, li toujou enpòtan pou konnen kisa dwa sa yo ye. Men kèk fason patwon ak etablisman yo kapab prepare yo.

Konnen Dwa Ou

Patwon yo genyen dwa limite aksè ICE nan espas prive yo. Sòf si ICE genyen yon **manda jidisyè valab**, yo pa genyen dwa antre, fouye, poze kesyon, oswa kenbe okenn moun andedan espas sa yo.

“If you do not have a valid judicial warrant, I am not authorized to grant you access to our facilities.”

Kèk Konsèy Itil

- Òganize rasanbleman pou gade match yo sèlman nan espas prive ki fèt pou sa.
- Prepare epi pratike yon repons nan ka kote ICE ta vle antre.
- Defini klèman ki espas ki prive epi ki espas (si genyen) ki piblik.
- Mete afich ki fasil pou wè epi ki klè ki montre ke evènman an prive.
- Chwazi yon responsab pòt ki resevwa fòmasyon pou diminye tansyon epi ki konnen kijan pou reyaji si fòs lòd yo rive.
- Pòt tout espas prive yo dwe rete fèmen pandan evènman an.
- Tout antre ak sòti nan etablisman an dwe siveye pa responsab pòt la.

“Si ou pa genyen yon manda jidisyè valab, mwen pa otorize pou ba ou aksè nan etablisman nou an.”

Espas Piblik vs Espas Prive nan Espas Travay la

- Espas piblik yo se espas kote yo envite piblik la anjeneral pou li antre pandan lè nòmal biznis yo, pa egzanp:
 - Lobi yo, zòn resepsyon yo, sal datant yo, sal ekspozisyon yo, espas machann yo, kontwa kote yo sèvi kliyan yo
- Nan espas piblik sa yo, pa genyen okenn “fason rezonab pou jere vi prive,” epi fòs lòd yo genyen menm aksè ak piblik la anjeneral.